



Riper High School

**Enskripsyon PA RANPLI jiskaske yo
soumèt tout dokiman obligatwa yo.**

Paj Siyati obligatwa yo	Dokiman Obligatwa
<p>Fòm rekonesans Kontra transfè (Si li aplikab)</p> <p>Fòm Media Release FERPA</p>	<p>ID paran 2 Prèv adres (omwen 1 bòdwo fiks: FPL, Entènèt, Dlo)</p> <p>Transkripsyon ak IEP (Si li aplikab)</p> <p>Nenpòt/tout Afidavi (lojman pataje oswa gadyen, Si li aplikab)</p> <p>Vaksinasyon (dwe sou yon Fòm FL 680 yon Doktè/Klinik bay)</p>

**Yo pral enprime paj siyati nan lekòl la. Dokiman
obligatwa yo dwe soumèt an pèsòn.**

*Yon fwa yo fin ranpli tout zòn ki ka ranpli, klike sou
Bengal Tiger nan dènye paj la pou soumèt
enskripsyon an!*

Student #:	School/ Teacher:	Date:	Grade Level:	Entry Code:	
 <h2 style="text-align: center;">Fòm Enskripsyon pou Elèv</h2> <p>Se sèl paran/gadyen (F.S. §1000.21(5)) ki enskri elèv-la (savledi, ki ranpli fòm-sa) ki kapab retire elèv-la nan lekòl li ye kounyea, esepte si gen dokimantasyon sikontans esepsyonnèl ki endike otreman. Se responsabilite paran/gadyen pou notifye alekri lekòl-la nan 10 jou si enfòmasyon ki anba a ta vin chanje. Tout enfòmasyon ak ransèyman pèsonnel ou ban-nou sou fòm-sa va rete konfidansyèl (nan yon kote ki gen sekirite) epi estaf lekòl ak Distrik-la kapab itilize, revele/kominike sèlman enfòmasyon ki nesesè.</p>					
Siyati elèv (Non Legal)		Prenon (Prenon Legal)		Non mitan	Elèv: Non deklare (Affirmed name)
Adrès Prensipal Kay Elèv-la		Apt #	Vil	Zipkòd	Sèks -Gender
					<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi
# Telefòn kay-ou		# selilè elèv-la		Imel adrès - kourye elektwonnik elèv-la	
SSN <small>*Nimewo kat sosyal sekrite pa obligatwa pou anwolman oswa pou diplome. F.S. §1008.386 ekzije SBBC mande nimewo kat SSN pou jesyon sistèm enfòmasyon-li.</small>		Dat elèv-la antre pou lapremyè fwa nan lekòl Ozetazini		Dat nesans	Kote elèv-la fèt/(Vil/Leta/Peyi)
Elèv-la abite avèk		Ethnisite		Ras (Tcheke tout sa ki aplikab)	
<input type="checkbox"/> Yon Paran (manman oswa papa l) <input type="checkbox"/> Gadyen (<i>Legal Guardian</i>) <input type="checkbox"/> Toude Paran-li (nan menm adrès) <input type="checkbox"/> Elèv-la endependan <input type="checkbox"/> Toude Paran (adrès diferan) <input type="checkbox"/> Lòt moun: _____		<input type="checkbox"/> Pa Ispanik oswa pa Latino <input type="checkbox"/> Ispanik oswa Latino		<input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Azyatik	<input type="checkbox"/> Amerendyen/Natifnatal Alaska <input type="checkbox"/> Awayen/Natifnatal zil Pasifik <input type="checkbox"/> Nwa/Afriken-Ameriken
Siyati Paran k'ap enskri elèv-la (Non Legal)		Prenon (Prenon Legal)		# Lisans chofè	Sa li ye pou elèv-la
# Telefòn travay Paran k'ap enskri elèv-la		# telefòn selilè Paran k'ap enskri elèv-la		Imel adrès Paran k'ap enskri elèv-la	
Siyati Paran ki p ap enskri elèv-la (Non Legal)		Prenon (Prenon Legal)		# Lisans chofè	Sa li ye pou elèv-la
# telefòn travay Paran ki p ap enskri elèv-la		# selilè Paran ki p ap enskri elèv-la		Imel adrès Paran ki p ap enskri elèv-la	
Adrès kay Paran ki p ap enskri elèv-la		Apt #	Vil	Leta	Zipkòd
Ankèt sou lang ki pale lakay (Si repons-la se "Wi" nan nenpòt kesyon-sa-yo, elèv-la dwe pran yon tès Anglè pou detèmine nivo l nan lang Anglè.)					
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Èske nou pale lakay-nou yon lòt lang ki pa Anglè?		Si "wi", ki lang nou pale?			
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Èske elèv-la pale yon premye lang ki pa Anglè?		Si "wi", ki lang li pale?			
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Èske elèv-la pale pi souvan nan yon lòt lang ki pa Anglè?		Si "wi", ki lang li pale?			

Adrès prensipal elèv-la: (Tcheke yon sèl kare sèlman)

<input type="checkbox"/> Paran/gadyen se pwopriyetè/mèt kay-la.	<input type="checkbox"/> pataje kay, m chwazi fè aranjman pou m abite ak yon lòt moun (pa akòz pwoblèm ekonomik) mwen gen yon Afidavi sou lojman moun pataje, ki valid.
<input type="checkbox"/> N'ap Iwe kay-la avèk yon kontra valid. Dat espirasyon: _____	<input type="checkbox"/> pataje kay, mwen abite ak yon lòt moun akòz mwen pèdi lojman mwen, pwoblèm ekonomik, oswa lòt rezon similè. (Elijib pou pwogram McKinney-Vento)

Èske rezidans prensipal elèv-la nan:

<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Yon espas publik, nan nenpòt kalite machin, bis oswa estasyon tren, bildin abandone, lojman ki pa nan bonneta oswa lòt lojman ki pa adekwa?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Nan lojman ki pa chè (tankou lojman Leta sibvansyone, Section 8 subsidized housing)?
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Yon abri tranzisyon/ yon abri (cheltè -shelter) pou sitiyasyon ijans?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Sou rezèv Amerendyen (Indian Lands)?
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Otel/motel, pak woulòt (trailer park), oswa sou teren kanpin poutèt pat gen lòt altènatif epitou mank akomodasyon?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Sou pwopriyete gouvènman federal, enstalasyon militè gouvènman federal-la posede, oswa sou pwopriyete NASA?

Èske youn nan paran elèv-la se:

<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Yon manm aktif nan Lame, National Guard ak Reserve ladann tou?	Si ou reponn wi, ki divizyon Lame? _____
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Yon veteran, libere pou rezon medikal, oswa te mouri pandan li te nan Lame?	Si ou reponn wi, ki divizyon Lame? _____
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Yon anplwaye nan endistri agrikilti oswa endistri lapèch a nenpòt moman diran twa dènye anne ki sot pase yo?	

Èske elèv-la:

<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Anwole nan yon lekòl publik <i>Broward County Public School</i> ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Double(te refè menm klas-la - grade)?
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Anwole nan yon lekòl Charter School nan Broward County?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Nan yon pwogram edikasyon pou elèv esepsyonnèl - <i>Exceptional Student Education (ESE)</i> ?
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Anwole nan pwogram edikasyon adomisil- <i>Home Education program-Home Ed</i> ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Gen yon plan 504 (504 plan)?
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Yo te espilse elèv-la, mete l deyò nan yon lekòl?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Nan yon pwogram ESOL?
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Kondane pou yon krim (felony)?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Nan yon pwogram Magnet?
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Swiv pwogram Sistèm jistik jivenil - <i>Juvenile Justice System</i> ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Nan yon pwogram pou timoun plase nan kay yon fanmi - <i>Foster Care</i> ?
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Yo te refere elèv-la pou sèvis swen mantal - <i>mental health services</i> ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Nan yon pwogram pou elèv dwe - <i>Gifted program</i> ?

Ekri non lekòl timoun-nan te ale anvan	Vil/Leta/Peyi	Ki anne li te frekante lekòl-la (-yo)	Ki klas	Kalite lekòl
				<input type="checkbox"/> Piblik <input type="checkbox"/> Prive <input type="checkbox"/> Charter <input type="checkbox"/> Home Ed
				<input type="checkbox"/> Piblik <input type="checkbox"/> Prive <input type="checkbox"/> Charter <input type="checkbox"/> Home Ed

Mwen sètifye ransèyman mwen bay anwo a kòrèk epi vre. Nan ka mwen ta vin chanje non, adres, oswa telefòn, mwen va notifye alekri direksyon lekòl-la nan dis (10) jou. Mwen konprann si yo jwenn paran yon elèv depoze fo papye e bay fo ransèyman pou anwole elèv-la nan yon lekòl ki pa zòn-ni, yo va retire elèv-la touswit epi paran-an dwe al anwole pitit-li nan lekòl ki apwopriye nan zòn kay-li oswa swiv pwosedi transfè nan yon lòt lekòl. Mwen li epi konprann mwen dwe soumèt dokiman kòrèk kòm prèv adres rezidansyèl, konfòmeman ak politik epi regleman School Board Policy 5.1. Lwa Florida Statutes §837.06 espesifye klèman nenpòt moun ki konsyamman fè yon fo deklarasyon alekri nan lentansyon twonpe vijilans yon anplwaye nan fonksyon ofisyèl-li, moun sa koupab yon deli dezayèm degre. Lwa Florida Statutes §92.525 espesifye klèman nenpòt moun ki konsyamman fè yon fo deklarasyon anba sanksyon fo sèman, moun-la koupab krim *perjury* sou fo deklarasyon alekri. Se yon krim (feloni) twazyèm degre.

Ekri an lèt detache Non Paran k ap enskri elèv-la	Siyati Paran k ap enskri elèv-la	Dat

Broward County Public Schools
Kat enfòmasyon elèv lè emèjennsi
ak kontak

Mizajou fòm-sa dwe fèt chak anne

Nan ka emèjennsi/yon ijans, li enpòtan pou lekòl-la kapab kontakte manman oswa papa elèv-la (jan sa defini anba a). Tanpri reponn keksyon-yo ak enfòmasyon w sou de bò kat-la, avèk atansyon epi egzaktitud. Tanpri ekri ak yon plim epi ekri yon jan pwòp epi klè. Non toude paran yon elèv (selon definisyon Seksyon 1000.21(5), Iwa Leta Florid), non paran k ap enskri elèv-la ak paran ki pap enskri elèv-la dwe parèt sou Kat enfòmasyon elèv lè emèjennsi ak kontak (*Emergency Contact Card*) kòm moun otorize vin chèche timoun-nan nan lekòl-la sòf si gen yon òdonnans tribinal ki revoke dwa paran (parental rights) epi prezante kopí sètifye konfòm ak jijman tribinal-la bay direksyon lekòl-la. Toude paran-yo dwe deziyen sou kat *Emergency Contact Card* ki moun yo otorize vin chèche pitit-yo lekòl. Sou kat *Emergency Contact Card*, manman oswa papa pa gen dwa efase oswa chanje non moun lòt paran-an bay pou vin chèche pitit-la.

<i>For Office Use Only:</i>	<input type="checkbox"/> Medical
<i>School #:</i>	<input type="checkbox"/> Court Order
<i>Student #:</i>	<input type="checkbox"/> Special Needs
<i>Date Enrolled:</i>	<input type="checkbox"/> Other

Student Identification Number:	Grade:	Enfòmasyon Elèv		
		Siyati:	Prenon:	Non Mitan:
		Pwofesè (sèlman pou lekòl primè):	Sèks: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	Klas (Grade):
		Adrès lakay:	Vil, Leta, Zipkòd:	Telefòn lakay:
		Adrès postal (si se pa menm ak adres kay-la):	Vil, Leta, Zipkòd:	Selilè/Pòtab elèv-la:
		Dat nesans: / /	Elèv-la abite ak:	Imel adres elèv-la:
Tcheke tout sa ki aplikab: <input type="checkbox"/> Medikal <input type="checkbox"/> Òdònans Tribunal <input type="checkbox"/> Bezwèn espesyal <input type="checkbox"/> Lòt	Èske elèv-la te gen chanjman adres depi dènye fwa li te enskri? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Nan dosye elèv-la, èske gen yon jijman tribinal ki anpeche yon paran kominike avèk elèv-la? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi, kontakte lekòl-la		
Paran kap enskri elèv	Siyati:	Prenon:	Selilè:	
	Adrès kay (si se pa menm ak adres elèv-la):	Vil, Leta, Zipkòd:	Telefòn lakay:	
	Anplwayé:	Telefòn Travay:	Imel adres Paran:	
Lòt Paran	Siyati:	Prenon:	Selilè:	
	Adrès kay (si se pa menm ak adres elèv-la):	Vil, Leta, Zipkòd:	Telefòn lakay:	
	Anplwayé:	Telefòn Travay:	Imel adres Paran:	
Moun ki otorize/kontak	Tanpri ekri non moun lekòl-la kapab remèt ptit-ou oswa kilès moun nou kapab kontakte sizoka nou pa ka jwenn ou. NOU PAP RENMÈT OKENN ELÈV BAY NENPÒT MOUN SÒF MOUN KI GEN NON-YO EKRI SOU LIS ANBA A. Lè w ap chwazi yon moun ou otorize lekòl-la remèt ptit-ou, konsidere si moun sa pare pou pran anchaj bezwen medikal espesyal ptit-ou. Mwen-menm/nou-menm, nan papye sa, otorize lekòl-la kontakte, kominike ransèyman anrapò ak yon emèjeensi (ijans) oswa remèt ptit-mwen bay moun sa yo, non-yo ekri sou lis anba a, nan ka maladi, evakiyasyon, oswa lòt ijans ki kapab rive pandan elèv-la nan lekòl-la.			
	Non:	Sa li ye pou elèv-la:	Telefòn:	
Paran ki pap enskri elèv-la Moun ki otorize/Kontak	Mwen deklare enfòmasyon mwen bay sou kat-la vre epi kòrèk. Mwen va notifye direksyon lekòl-la san pèdi tan si gen chanjman nan enfòmasyon-an.			
	Siyati:	Dat:	Sa li ye pou elèv-la:	
	Se sèl paran ki pap enskri elèv-la ki dwe konplete seksyon sa. Paran an kapab deziyen lòt moun pou vin chèche ptit-li. Paran ki enskri elèv-la pap kapab chanje anyen nan seksyon sa sou kat sa. Paran ki pap enskri elèv-la pap kapab chanje okenn seksyon sou kat sa.			
Non moun-nan:	Sa li ye pou elèv-la:	Telefòn:		
Mwen deklare enfòmasyon mwen bay sou kat-la vre epi kòrèk. Mwen va notifye direksyon lekòl-la san pèdi tan si gen chanjman nan enfòmasyon-an.				
Siyati:	Dat:	Sa li ye pou elèv-la:		

Broward County Public Schools Student Emergency Contact Card

Ransèyman pèsonnèl ou bay sou fòm sa ap rete konfidansyèl (nan yon kote an sekirite). Se sèl estaf lekòl-la ki kapab itilize epi kominike ransèyman kan sa nesesè.

Siyati elèv-la:	Prenon:	Non Mitan:	
Enfòmasyon sou Medikaman	Èske pitit-ou ap pran medikaman? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si pitit-ou dwe pran medikaman nan lekòl-la, lekòl la dwe resevwa medikaman-an nan yon flakon orijinal, preskripsyon, dat ak non timoun-nan byen klè. Doktè ak paran-an dwe ranpli epi siyen fòm "Otorizasyon pou Medikaman/Tretman", ki dwe klase nan dosye lekòl-la.	
	Medikaman:	Dòz:	Akilè pou yo bay medikaman-an:
Asirans sante ak Founisè	Tanpri tcheke kare ki awopriye a: <input type="checkbox"/> Family Health Insurance <input type="checkbox"/> Florida Kid Care <input type="checkbox"/> Florida Healthy Kids <input type="checkbox"/> Pa gen asirans sante		
	SI OU PA GEN ASIRANS SANTE, èske ou ka ban-nou otorizasyon voye non paran ak nimewo telefòn-li bay Florida Kidcare Insurance pou evalyasyon ki va pèmèt nou wè si ou elijib pou kouvèti asirans sante? Si ou reponn Wi, tanpri siyen isit-la menm:		
	Doktè:	Telefòn:	
	Dantis:	Telefòn:	
	Plan Sante/Non Gwoup-la:	Telefòn:	
Enfòmasyon medikal	Eta sante pitit-ou	Tanpri tcheke tout sa ki aplikab:	
	<input type="checkbox"/> Las/asma. Si ou tcheke, itilize inalatè (inhaler?)	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pran medikaman chak jou	
	<input type="checkbox"/> Kriz. Si ou tcheke, l ap pran medikaman kounyea?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
	<input type="checkbox"/> Dyabèt. Si ou tcheke, èske li ensilin depandan?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
	<input type="checkbox"/> Limite nan mouvman li (espesifye):		
	<input type="checkbox"/> Maladi resan/ospitalize/chiriji (esplike):		
	<input type="checkbox"/> Alèji grav: Si ou tcheke, espesifye ki Tip: <input type="checkbox"/> Manje/anviwonnan <input type="checkbox"/> Piki ensèk/bèt mòde l: <input type="checkbox"/> Medikaman/Dwòg:	Nan ka alèji, elèv-la dwe pran: <input type="checkbox"/> EpiPen <input type="checkbox"/> Benadryl <input type="checkbox"/> Lòt medikaman:	
	Èske pitit-ou pote linèt? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Èske pitit-ou mete aparèy pou ede-li tandé (hearing aid)? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
	Nan papye sa, mwen otorize lekòl-la pataje avèk pèsonnèl sèvis dijans (emèjennsi) epi ak lòt ofisyèl Depatman sante publik, enfòmasyon medikal pitit-mwen, enfòmasyon sou jan yo ka kontakte paran, ak lòt enfòmasyon sou sante (kolekte lè sèvis sante lekòl-la founi swen, ak enfòmasyon estoke selon yon mwayen elektwonnik). Bi pataj enfòmasyon se adrese kondisyon medikal ki gen enpòtans sou plan sante publik, gen enfòmasyon pou afwonte epi prepare pou yon pwoblèm sante publik potansyèl oswa konfime. Pou elèv k ap resevwa sèvis swen sante nan lekòl-la oswa nan men estaf Distri a ak/oswa nan men patnè sou kontra, mwen otorize Distri a pataje ak Depatman Sante Leta Florid, enfòmasyon idantifyab sou sante pitit-mwen, ak lòt ransèyman demografik Kifè, Depatman Sante va egzèse yon kontwòl pou asire Distri a ak lekòl-yo an règ ak pwogram-la epitou evalye efikasite sèvis-yo.		
	Kominike Enfòmasyon Medikal ak Tretman nan ka Emèjennsi	Siyati Paran:	Dat:
	Nan ka yon emèjennsi anrapò ak sante, lekòl-la va revele ransèyman medikal ak tout lòt enfòmasyon, san li pat bezwen konsantman anvan, nan men paran/elèv ki elijib selon sa lwa Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) otorize. Lekòl-la va rele sèvis dijans pou swen medikal, si li jije sa nesesè. Lekòl-la va otorize transpò nan yon klinik ou lopital selon sa paramedik (pèsonnèl paramedikal) detèmine.		
Enfòmasyon pou lekòl lage	Pwosedi Regilye pou le lekòl lage. Apre yon jounen lekòl, ki jan pitit-ou dwe tounen lakay-li?		
	<input type="checkbox"/> Monte nan machin	<input type="checkbox"/> Monte nan bis lekòl-la	<input type="checkbox"/> Pran transpòtasyon publik
	<input type="checkbox"/> Ale nan pwogram aftèkè nan lekòl-la	<input type="checkbox"/> Ale nan pwogram aftèkè andeyò lekòl	<input type="checkbox"/> Mache/monte bekann-li pou lal lakay-li
Pwosedi pou le lekòl lage pi bonnè nan ka emèjennsi/ ijans. Nan ka move tan oswa lòt ranvwa nan ka emèjennsi ki pat prevwa, ou di pitit-ou pou li:			
<input type="checkbox"/> Mache pou lal lakay-li <input type="checkbox"/> Monte bis lekòl-la kòm dabitud <input type="checkbox"/> Pran transpòtasyon publik			
<input type="checkbox"/> Tounen lakay-li ak paran-li sèlman <input type="checkbox"/> Tounen lakay-li avèk yon moun ki gen non-li sou lis kontak ki otorize			
Frè ak Sè ak Lang ki pale lakay	Siyati:	Prenon:	Klas (Grade):
Tanpri ekri lòt lang ki pale lakay-ou:			
Tanpri ede-nou konprann pi mye bezwen kominote lekòl-nou lè ou reponn keksyon-sa-yo. Tanpri tcheke tout sa ki aplikab:			
Keksyon Ankèt	Èske pitit-ou gen aksè nan konpitè lakay-ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
	Èske ou gen koneksyon Entènèt lakay-ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
	Èske pitit-ou gen aksè nan Entènèt nan konpitè lakay-ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
	Èske ou gen koneksyon Entènèt lè ou pa lakay-ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
Tanpri endike fason ou ta pito lekòl-la kontakte-ou: <input type="checkbox"/> Telefòn <input type="checkbox"/> Tèks mesaj <input type="checkbox"/> Imel			



Tel #: (754) 321-1566

KESYONÈ SOU LOJMAN ELÈV (SHQ)

ATANSYON paran, moun ki okipe lezòt (caregivers) ak jenn ki pa akonpaye (jenn ki pap viv ak yon paran oswa gadyen): Bi kesyoné sa se ede idantifye timoun ki nan laj pou al lekòl ak idantifye jenn k'ap fè yon esperyans enstabilite lojman jan sa defini nan Lwa asistans pou edikasyon timoun san lojman, Subtitle VII-B Iwa McKinney-Vento Homeless Assistance Act (42 U.S.C. 11431 et seq.). Selon lejislasyon federal sa, grasa konséy pwogram HEART, Lekòl Piblik Broward County responsab wete tout baryé nan sistém-la ki ka anpeche edikasyon elèv k ap fè esperyans yon sitiyasyon san lojman epi lekòl piblik Broward County va mete an plas pwogram-la selon dispozisyon lalwa.

Lè ou reponn kesyon kesyonè sa, ptit-ou (pitit-ou-yo) ki nan laj pou al lekòl ka kalifye pou jwenn sèvis ak resous pwogram HEART nan bi asire stabilite nan edikasyon.

1. Ak kilès elèv-la (elèv-yo) rete?

- Paran
 Gadyen legal
 Adilt (18ane+) k'ap okipe elèv-la; yon sitiyasyon fè elèv-la pa ka rete nan menm kay ak paran oswa gadyen li nan moman sa

Non (pronon ak siyati): _____ **Sa li ye pou elèv-la:** _____
***ENPÔTAN:** Tanpri kontakte lekòl elèv-la pou mande fòm Caregiver Authorization Form pou ou ka konplete fòm la.

- Mwen se yon jenn ki pa akonpaye. Mwen pa rete ni ak paran mwen ni ak gadyen mwen nan moman sa.

2. Ki kote ou rete kounyea?

- Mwen peye lwave oswa m gen pwòp kay mwen ➔ STOP PA KONTINYE EPI ALE NAN KESYON #4.

- Nan yon abri (cheltè - shelter) pou sitiyasyon ijans oswa nan yon abri tranzisyon (A)
 M abite tanporéman ak yon manm fanmi oswa zanmi (pataje kay) akòz mwen pèdi lojman, pwoblém ekonomik, oswa lòt rezon similé (B)
 Nan machin, nan yon pak woulòt (trailer park) oswa teren kanping, biling abandone, oswa lòt lojman ki pa nan bonneta selon nòm (D)
 Nan yon otèl, oswa motel paske mwen pèdi lojman mwen, paske mwen gen pwoblém ekonomik, oswa lòt rezon similé (E)

3. Rezon ki fè ou rete nan yon kay tanporè (temporary residence?)

- Dezas lézòm lakòz (D) Tranblemannèt (E) Inondasyon (F) Siklòn (H) Pèdi kay la (Mortgage Foreclosure)-
 Eviksyon, lajistik sezi kay la; Vyolans domestik; Pap travay; Andikap Medikal/Mantal Pòv mank lojman a pri abòdab (N)
 Pandemi (P) Tanpèt Twopikal (S) Tònad (T) Enkonvi (U) Difé oswa ensandi (W)

Èske youn nan paran elèv-la te travay nan agrikilti oswa endistri lapèch a nenpòt moman diran twa dènye anne ki sot pase yo?

- Wi Non

*** ENPÔTAN :** Konplete enfòmasyon ki anba a pou tout timoun ki nan laj pou al lekòl (PreK-12), ki anwole nan yon lekòl, oswa anwolman ankou nan yon lekòl piblik oswa charter, Broward County, FL. Si ou gen timoun ki anwole nan plizyé lekòl, tanpri konplete yon (1) sèl kesyonè epi retounen li nan chak lekòl.

Non elèv-la (pronon ak siyati)	# ID elèv-la	Gason/Fi	Dat nesans (mm/jj/aaaa)	Klas (Grade)	Non lekòl elèv-la anwole

4. Lè mwen siyen anba, mwen ateste enfòmasyon mwen bay la ekzat epi kòrék:

Ekri tout Non ou (moun k ap ranpli fòm sa)

Siyati

Dat

Adrès ou koulyea

Vil

Leta

Zipkòd

Nimewo telefòn

imel adrès/E-mail:

Lwa Leta Florid Statute 837.06 espesifye kléman nenpòt moun ki konsyaman fè yon fo deklarasyon alekri nan lentansyon twonpe vijilans yon anplwaye nan fonksyon ofisyel li, moun sa koupab yon deli dezyém degre.

Rev. 4.6.2021

BED<HC#306/is/04/21> Document translated by the Bilingual/ESOL Department (04/21)

Fòm Prèv Paran resevwa Liv Kòd Kondwit pou Elèv 2020/2021

Nan liv sa, yo pibliye regleman Distrik-la nan Policy 5.8, pou elèv lekòl publik Broward County. Regleman-yo aplikab pou tout aktivite k'ap fèt sou teren yon lekòl oswa nan tout lòt kote lekòl-la chwazi pou organize aktivite; regleman-yo aplikab nan tout machin ki otorize transpòte elèv. Lè ou siyen anba a sa pa vledi ou dakò oswa ou pa dakò avèk regleman-yo, **men savledi ou revwa regleman-yo nan yon fòma elektwonnik, ki se yon kopi** (<http://www.browardschools.com/codeofconduct>). Retounen fòm-sa-a nan lekòl-la nan 3 jou apre premye jou lekòl louvri oswa retounen fòm-nan, nan twa jou apati dat anwolman elèv-la. Si ou pito ranpli tout fòm-yo, sou fòma elektwonnik, ale sou sit (<https://www.browardschools.com/bts-onlineforms>) pou ou jwenn aksè a gid rantre lekòl (Back to School Toolkit).

Manman/Papa dwe patisipe nan edikasyon pitit-yo epi gen responsabilite:

- Konnen pou sekirite nan lekòl-la, lekòl-yo pa blije bay sipèvizon plis pase 30 minit anvan lè ofisyèl lekòl-la kòmanse, ni lekòl-yo pa blije bay sipèvizon plis pase 30 minit apre lè ofisyèl lekòl-la fèmen (FS 1003.31(2)).
- Konnen pou sekirite lekòl-la, epi konsènan elèv ki pran bis lekòl-la, chofè bis-la PA gen dwa rete sou wout pou kite elèv desann bis-la sòf nan estòp ki prevwa pou elèv-yo desann.
- Bay lekòl la, chak anne, non ak/oswa nimewo telefòn kounyea moun lekòl-la kapab kontakte nan ka ijans (emèjenssi) epi fè lekòl-la konnen lè gen chanjman nan ransèyman-an.
- Avèti lekòl-la sou tout sa ki kapab afekte kapasite pitit-yo pou yo aprann, vini lekòl regilyèman, oswa patisipe nan aktivite eskolè.
- Konnen yo dwe bay pitit-yo medikaman annakò ak regleman SB Policy 6305 ak 6305.1, respekte tout dispozisyon amannman ki pase, konnen konsekans pou fè pase ak oswa vann oswa eseye vann medikaman achte sou kontwa, genyen ak/oswa itilize medikaman ki pa otorize se regleman ki esplike nan regleman SB Policy 5006. Regleman SB Policy 6305 esplike regleman konsènan medikaman achte sou kontwa ak regleman aplikab nanka medikamandoktè preskri epi SB Policy 5006 esplike konsekans vyolasyon regleman-sa-yo. Ou kapab gade okonplè regleman sou keksyonsante, sispansonak/oswaekspilsyonepitoutreglemanSchoolBoardsousitEntènèt: <http://www.Broward.k12.fl.us/sbbcpolicies>
- Andwa konnen si lekòl pitit-ou kenbe dosye elèv-yo konfidansyèl epi prive jan sa defini nan seksyon VIII liv-sa-a.
- Konnen ni School Board of Broward County ni anplwaye-li pap responsab pou bagay ki entèdi epi pèdi, yo vòlè oswa konfiske; epitou pou aparèy telekomunikasyon san fil (wireless communication devices) oswa lòt aparèy teknolojik pèsonnèl ki pèdi, vòlè, oswa konfiske.
- Konnen bagay lekòl-la sezi epi yo pa reklame nan fen anne eskolè-a, yap bay-yo nan òganizasyon charitab zòn-nan.
- Konnen yo responsab pou kondwit pitit-yo aleretou ant lekòl-la ak lakay-yo epi nan estòp bis-la. Yon anviwonnan aprantisay ki ofri sekiriteekifavorizeaprannseklepusiksèakademik;kifè,toutaksyonyonelèvfèandeyòkanpislekòl-lakapabafekteseryèzmanabilite yon lòt elèv pou li aprann lekòl oswa kapab afekte abilite yon manm pèsonnèl lekòl-la pou li anseye, aksyon-an ap trete kòm yon enfraksyon disiplinè. Pou ensidan grav ki pase nan estòp bis ak/oswa ki pa pase sou pwopriyete School Board, fanmi dwe pran kontak ak lapolis dirèkteman. Pou ennsidan ki konsènen zak bully tankou nwi, entimide, agrese, brialize elatriye (gade definisyon bullying, Section II), yo ta dwe notifye administratè lekòl-la ki va mennen yon envestigasyon ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si direkètè lekòl-la/ anplwaye ki deziyen, jije sa nesesè. Youn nan entèvansyon yo kapab fè, se rele ofisiye polis ki nan lekòl-la (School Resource Officer).
- Asire pitit-yo sèvi ak teknoloji tankou rezo konpitè, zouti dijital, Entènèt, lojisyl (sofwè), yon fason legal, moral epi responsab, jan sa defini nan Seksyon IV liv Kòd kondwit-sa-a.
- Fanmi va kontinye asime responsabilite-yo vizavi elèv ki rive laj majorite (dizwitan -18 anne oswa plis) pou tout bi edikatif ak bi disiplin, esepte nan kèk sikontans lalwa prevwa.

Pran nòt: Seleksyon Paran fè nan chak fòm Kòd Kondwit pou elèv ap rete valab jis lè li soumèt/depoze yon nouvo fòm.

Non elèv-la (Ekri an let detache)

Siyati elèv

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache)

Siyati Paran/Gadyen

Dat

Fòm Otorizasyon Piblikasyon nan laprès Ane Eskolè 2020/2021 (Tout klas)

Kòm paran yon elèv Broward County Public Schools (lekol piblik Broward County), mwen konprann laprès, medya oswa Distrik eskolè-a (School District) kapab pran foto pitit-mwen, filme-li (videyotep), oswa entèvyouve-li nan bi pou enfòme lezòt ak/oswa fè pwomosyon. Mwen konprann foto ak entèvyou kapab parèt sou sit Entènèt Distrik-la, nan piblikasyon Distrik eskolè-a, nan piblikasyon deyò ak nan medya elektwonnik, jan sa endike anba-a.

Ou dwe tcheke yon chwa nan toude Seksyon A ak Seksyon B

(Si ou pa tcheke okenn chwa nan toude seksyon-yo, nou va otomatikman chwazi #1 pou ou)

Seksyon A - Laprès/Medya esktèn

Tanpri tcheke Chwa #1 oswa Chwa #2

1. **MWEN PÈMÈT** laprès, medya, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li sèlman lè medya-a resevwa otorizasyon nesesè de lekol piblik Broward County.
2. **MWEN PA PÈMÈT** laprès, medya, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep), ak/oswa entèvyouve-li.

Seksyon B - Lekòl Piblik Broward County

Tanpri tcheke Chwa #1 oswa Chwa #2

1. **MWEN PÈMÈT** lekol piblik Broward County oswa founisè ak vandè Distrik-la apwouve, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li pou piblikasyon lekol-la tankou albòm pwomosyon (school yearbooks), jounal lekol, sit Entènèt lekol ak/oswa Distrik-la, medya sosyo/BECON TV, oswa pou tout lòt sipò ak mwayen komunikasyon. Mwen konprann Distrik-la blije kominike **ransèyman li genyen si medya oswa lòt gwoup nan piblik-la fè demand-la (vledi lè nou resevwa demann aksè nan dokiman piblik).** Note nou ka kominike non elèv, adres kay elèv-la, nimewo telefòn elèv/paran, klas elèv-la ap fè, nimewo idantifikasiyon elèv, non pwofesè ak nimewo saldeklas, nan bi fasilité piblikasyon lekol-la. Pozisyon kòm manm nan ekip espò ak nimewo jèze ka divilge diran evènman espòtif.
2. **MWEN PA PÈMÈT** lekol piblik Broward County oswa founisè ak vandè Distrik-la apwouve, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li pou piblikasyon lekol-la, tankou albòm pwomosyon (school yearbooks), jounal lekol, sit Entènèt lekol-la ak/oswa sit Distrik-la, medya sosyo/BECON TV, oswa pou tout lòt sipò ak mwayen komunikasyon.

Non elèv-la (Ekri an let detache)

Siyati elèv-la

Dat

Non Paran/Gadyen (Ekri an lèt detache)

Siyati Paran/Gadyen

Dat

FERPA Fòm Notifikasyon Chwa ou Ane Eskolè 2020/2021 (Tout klas)

ATANSYON! Si ou tcheke yon ransèyman oswa plis savledi ransèyman ki tcheke pap parèt nan piblikasyon lekòl, menmsi ou bay otorizasyon nan Seksyon B Fòm Otorizasyon piblikasyon nan laprè ak medya (Media Release Form). Albòm pwomosyon ak lòt fòm ladann tou.

Egzanp: Si ou tcheke "Non Elèv-la" anba a, foto elèv-la petèt pap parèt nan albòm pwomosyon (yearbook).

REZON KI FÈ NOU KA KOMINIKE ENFÒMASYON

Repètwa/dosye enfòmasyon (Directory Information) gen ransèyman ki kapab idantifye pèsonnèlman yon elèv; jeneralman yo pa konsidere enfòmasyon-an kòm nwizib oswa kòm yon atak sou lavi prive si yo revele-li. Konfòmeman avèk lwa FERPA, SBBC, kapab revele, si li vle, ransèyman ki nan dosye enfòmasyon pa-li epi ki konsènen yon elèv, k'ap fè nenpòt klas, si paran-an oubyen elèv aje de 18 anne (dizwitan) oswa plis pa mande bloke enfòmasyon-an. SBBC rezève dwa-li pou li revele/kominike enfòmasyon ki nan Directory Information sèlman:

- (a) bay kolèj, inivèsite oswa lòt enstitisyon edikasyon siperyè elèv-la anwole, ap chache anwolman oswa enstitisyon ki kapab rekrite elèv-la;
- (b) pou evènman spòtif, piblikasyon lekòl, materyèl edikatif ak lòt zouti komunikasyon pou lekòl (tankou albòm pwomosyon, pwogram espò, pwogram gradyasyon, bwochi rekritman, pwogram teyat, pou sit Entènèt lekòl-la, ak sit Distrik-la, medya sosyo, mesaj (postings) ak afich andedan lekòl-la epi pou tout lòt bi ki pa mansyone);
- (c) bay reprezantan ofisyèl sante piblik Broward County ransèyman pou yo ka kominike avèk paran epi adrese kondisyon ki gen enpòtans sou plan sante piblik selon sa Regleman Florida Department of Health (64D-3, F.A.C.) détèminen; reprezantan-yo ka resevwa tou enfòmasyon ki va ede-yo awfente oswa prepare pou yon pwoblèm sante piblik potansyèl epi konfime; ak/oswa
- (d) pou pataje ransèyman avèk komite k'ap òganize reyinyon ansyen elèv (ak lòt komite sanblab) pou aktivite ki regade reyinyon yon pwomosyon."

KALITE RANSÈYMAN KI NAN "DIRECTORY INFORMATION"

Fanmi/gadyen elèv k'ap fè nenpòt klas, oswa elèv ki elijib (vledi elèv ki gen plis pase dizwitan, minè emansipe, elèv k'ap frekante yon enstitisyon apre lekòl segondè), kapab chwazi pou lekòl-la pa revele yon pati oswa tout ransèyman ki nan Directory Information, lè li endike avèk yon tchèk (✓), ransèyman LEKÒL-LA PA DWE REVELE OSWA KOMINIKE:

- | | | |
|--|--|--|
| <input type="checkbox"/> Non elèv-la | <input type="checkbox"/> Non Paran | <input type="checkbox"/> Adrès Rezidansyèl |
| <input type="checkbox"/> Nimewo telefòn | <input type="checkbox"/> Dat nesans | <input type="checkbox"/> Kote elèv-la fèt |
| <input type="checkbox"/> Matyè prensipal li etidyé | <input type="checkbox"/> Aktivite ak espò sou parenaj lekòl la | <input type="checkbox"/> Wotè ak pwa manm ekip espò |
| <input type="checkbox"/> Klas elèv-la ap fè | <input type="checkbox"/> Dat elèv-la preznan ak absan lekòl | <input type="checkbox"/> Nimewo jèze/mayo ak pozisyon nan ekip |
| <input type="checkbox"/> Diplòm, pri ak rekonzans* | <input type="checkbox"/> Non lekòl oswa pwogram elèv la te ale anvan/resaman | <input type="checkbox"/> Nimewo saldeklas |

*Diplòm, pri ak rekonzans enkli travay egzanplè (travay atistik tou), tout kalite distensyon, ak ransèyman sou gradyasyon (egzanp, lis elèv k'ap diplome), epi ekskli mwayèn jeneral (Grade Point Average - GPA).

Note: Chak anne, kit ransèyman ki anwo-a tcheke oswa pa tcheke, fòm-sa-a dwe konplete epi depoze nan lekòl-la, NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak anne eskolè.

Non elèv-la _____ Lekòl _____

Non Paran/Gadyen/Elèv ki Elijib (Ekri an lèt detache) _____

Siyati Paran/Gadyen/Elèv ki Elijib _____ Dat _____

Pran nòt: Ansyen elèv, si yon elèv te frekante yon lekòl BCPS, SBBC va kontinye respekte tout demand valid pou pa divilge ransèyman ki nan Dosye enfòmasyon, sòf nan ka elèv-la annile otorizasyon-la (34 CFR 99.37(b)).

Pou paran k'ap egzèse pwofesyon ak metye ki elijib:

Note: Konfòmeman avèk lwa Florida Statute 119.071, pou moun k'ap egzèse sèten pwofesyon (mari oswa madanm ak timoun konsènen tou), enfòmasyon pèsonnèl seleksyonne ap rete konfidansyèl e lekòl-la pap revele enfòmasyon-an piblikman pouvike yo jwenn yon egzansyon. Soumèt yon demann alekri pou jwenn egzansyon-an. Si ou se yon anplwaye yon pwofesyon elijib epi ou vle mande pou enfòmasyon pèsonnèl ou rete konfidansyèl ensike enfòmasyon mari/ madan'ou ak pitit-ou, tanpri pran yon randevou avek lekòl pitit-ou epi ranpli fòm Parental Request for Exemption of Personal Information for Selected Occupations.